Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 38 (6618) 17 сентябрь 2018 с. Итни МухIаррам 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

**Исана микьабилеб нухалда кIодо гьабуна Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. Жакъа Дагъистаналъе ва дагъистаниязе цIакъго хIажат буго цолъи. Россиялда гьечIо Дагъистан гIадаб, гIемер миллатал цолъараб ва гъункараб бакI. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго нилъер халкъазул гъудуллъи, вацлъи щулалъиялъе кьучI хIисабалда чIезабураб.**

Дагъистаналъул тарихалда гIемер руго хIужаби, сундухъго балагьичIого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан гIадин цадахъги рахъун цолъун чIеялъул. Гьелъ кIвечIо Дагъистан лъиданиги мукIур гьабизе. Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамгIият цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни ва гвангъараб букIинеселде гали тIами, нилъер наслабазе цогояб, эркенаб ва тIегьалеб Дагъистан цIуни.

РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. РакI чIараб буго нужер щивас Дагъистаналда цолъи букIинабиялда гьорлъ жиндирго бутIа лъелин. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талихI.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

## Чалаби МухIамадов – гIаданги школаги

### Бакълъулазул районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалъе кьуна Чалаби МухIамадовасул цIар

**11 сентябралда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалъе кьуна Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав учитель, халкъияб лъайкьеялъул отличник, рехсараб школалъе 54 соналъ нухмалъи гьабурав Чалаби Бекмирзаевич МухIамадовасул цIар.**

Чалаби МухIамадовасул цIар школалъе кьеялъул рохалилаб данделъиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул бутIрул, школазул директорзаби, МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIарал цо-цоял, гьезда гьоркьор – химиялъул гIелмабазул доктор УхIумагIали МухIамадбегов, «Гъудуллъи» ЗАОялъул нухмалъулев МухIамад ГIарипов ва цогидалги.

Тадбир рагьана ва бачана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель ГIабдурахIман Дайтмирзаевас. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялда гIахьаллъаразда баркана, салам кьуна, Чалаби МухIамадовасул хIакъалъулъ лъикIал рагIаби абуна. «Жакъа нилъ ракIарун руго МелъелтIа гьоркьохъеб школалъе Чалаби МухIамадовасул цIар кьолеб рохалилаб данделъиялда. КIудияб лъугьа-бахъин ккола гьеб. Районалда лъайкьей цебетIезабиялъулъ кIудияб бутIа лъурав, гIакълу камилав чи вукIана Чалаби МухIамадов. Гьес тарбия кьуна районалъул ва республикаялъул батIи-батIиял бутIабазда мустахIикъаб бакI ккурал бакълъулазе. Гьесие рокьулаан живго гIураб ракь, школа, жиндирго хIалтIи, цIалдохъаби. КIудияб пачалихъияб кIваралъул хIалтIи буго мугIалимасул. Бакълъулазул районалъул нухмалъулезул хIалтIул хIаракатчилъиялъулъ кIвар бугел рахъазул цояблъун ккола цIалдохъабазе гъваридаб лъай щвезабиялде буссараб



жигар», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Чалаби МухIамадовасул хIакъалъулъ жидерго кIалъаязда ракIалдещвеял гьаруна «Гумбет район» муници-




палияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас, райадминистрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, химиялъул гIелмабазул кандидат, профессор УхIумагIали МухIамадбеговас, «Гъудуллъи» ЗАОялъул нухмалъулев МухIамад ГIариповас, Гумбеталъул херазул Советалъул председатель, Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиевас, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ, ЦIияблак районалъул ЦIияб МелъелтIа росдал бетIер ХIабиб ХIусейновас, Хасавюрталъул больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Муслим Бекмирзаевас, тохтур Загьра Сайпудиновалъ, МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовалъ ва цогидазги.

Тадбиралда цIалана ДГУялъул ректор МуртазагIали Рабадановасул, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевасул ва цогидазулги баркиялъулал рагIаби.

Рохалилаб данделъиялдаса хадуб, Чалаби МухIамадов ракIалде щвеялъул мармарул къоно МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул къадада рагьиялъул тадбир гIуцIана. Гьеб къоно рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директор Эльмира МухIамадовалъ, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас.

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби цере рахъана Чалаби МухIамадов ракIалде щвеялъул художественниял номералгун. Тадбиралъул гIахьалчагIазе кьуна хинаб квен. Районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул централъул нухмалъулев Абакар МухIамадовас Чалаби МухIамадовасул гIагарлъиялъул рахъалдасан баркала загьир гьабуна данделъаразе ва абуна школалъе жидеца мебель сайгъат гьабулеб бугилан.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Газалъул мухъалъул халгьаби, 112 чиясе хъулухъ, налогал ракIари хехлъизаби

-2 гьум.



Спорт цебетIеялъе квербакъи

-2 гьум.



Расул ХIамзатовасул ВатIаналда - бакълъулазул маданияталъул хIаракатчагIи

-3 гьум.



КIудияв инсуде назму

-3 гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса ГІали-хІажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Газалъул мухъалъул халгьаби, 112 чиясе хъулухъ, налогал ракІари хехлъизаби...

### Бакълъулазул районалъул администрациялда гьоркьор лъуна газ бачиналъул, налогал ракІариялъул ва цогидалги суалал

**10 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІана газ бачиналъул, налогал ракІариялъул, гІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул ва цогидалги кІвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиялда гІахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял хъулухъазул, бакІалъулаб самоуправлениялъул ва гІадлу-низам цІуниялъул органазул вакилзаби, учреждениязул, гІуцІабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовас бицана араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ 112 чиясе гьабунин, гьединго гІадамазда ричІчІизарулел ругин цифрабазулаб телевизионнияб вещаниялде рачІунел рукІиналда хурхарал суалал.

ТІоцебесеб сентябралдаса ракьул суалалда хурхарал хъулухъазул багьаби хисун ругиланги абуна ГІумар МухІамадовас.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас бицана газалъул мухъал рачиналъул бугеб хІалалъул, Сахрат Каримовасул цІаралда бугеб къотІноб цебего бачараб газалъул мухъ-



алъул хал гьабунин.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас данделъаразда бицана СПКязда рагІи-хер хІадурун ва бачІин бакІарун лъугІанилан.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГІали ГІалиевас абуна 15 октябралда магІарухъа хасалил мучІдузде гІи-цІани гочине байбихьизе бугин.

КІалъазе вахъарав райадминистрациялъул бакІал ра-
ялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетІерав специалист ХІажимурад АхІмаднабиевас тІадчІей гьабуна «100 школа» программа гІумруялде бахъинабиялъул бугеб хІалалда, гІаммаб лъайкьеялъул школазул проектал хІадурулел, планалда рекъон тІуразе кколел масъалаби цере лъолел рукІиналда.

Данделъиялда гьединго гьоркьор лъуна учреждениялъул штатазул расписаниял хІадуризе, бухІараб электротокалъухъ гІадамаз гІарац кьезе, налогал ракІари хехлъизабизе ккеялъул хІакъалъулъ ва цогидалги суалал.

ГІуцІабазул ва учреждениязул вакилзабазе кьуна хІалтІул рахъи борхизабиялде ралагьарал тІадкъаял.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГІАЛ

# Спорт цебетІеялъе квербакъи

### Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов ЧІиркъатІа ДЮСШялде щвана

**Бакълъулазул районалъул бетІер, Олимпиялъул чемпион ХІажимурад МухІамадов хІалтІулаб сапаралъ щвана ЧІиркъатІа лъималазулгун гІолилазул спортивияб школалде. Районалъул бетІерас халгьабуна спортшколалда цІалулгун ругьунгьариялъул бугеб хІалалъул, кІвар кьун гІенеккана тренераз, лъималаз ва гьезул умумуз бицунелъухъ.**

ДандчІваялда гьединго гІахьаллъана ЧІиркъатІа росдал бегавул ХІадис-хІажи МухІамадов, ЧІиркъатІа ДЮСШялъул нухмалъулев ГІабдулмажид Шихшалаев, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ГІиса Шарапудинов ва цогидалги.

«Гумбет районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул хІаракаталдалъун ЧІиркъатІа ДЮСШялъе щвана цІияб спортивияб къайи, гугарулезул залалъе ургал, Килалъ ва Гьарадирихъ росабалъ спортшколазда рагьана гугарухъаби ругьун гьарулеб кІиго секция. Нижеца баркала загьир гьабула районалъул нухмалъулезе, хасго районалъул бетІер ХІажимурад СайгидмухІамадовичасе, нижер гьабулеб кидагосеб тІалаб-агъазалъухъ ва нижее



гьабулеб кумекалъухъ», – ян абуна ЧІиркъатІа спортивияб школалъул нухмалъулев ГІабдулмажид Шихшалаевас.

Спортшколалъул тренеразда ва лъималазда районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас ракІалде щвезабуна сахаб гІумру гьабиялъул, халкъияб ва профессионалияб спорт цебетІезабиялъул, ВатІан бокьиялъул мисалазда гІолеб гІелалъе тарбия кьеялъ-



ул бугеб кІвар.

Спортшколалъул тренераз районалъул бетІерасда абуна кинабго рахъалъулаб цебетІей бугел, физическиябги рухІиябги лъадари щварал, экстремистияб идеологиялде дандечІарал гІолилал куцаялда жидеда барабщинаб гьабизе бугилан.

**«Гумбет» РИО**

РАСУЛ ХІАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА-95 СОН

# Расул ХІамзатовасул ВатІаналда - бакълъулазул маданияталъул хІаракатчагІи

**Дагъистаналъул Халкъияв шагІир Расул ХІамзатов гьавуралдаса 95 сон тІубай кІодо гьабуна гьесул ВатІан - Хунзахъ районалъул ЦІада росулъ.**

Бакълъулазул районалъ-



ул «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор ХІамзат ГІизудиновас, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухІамад ГІумардибировас туризмалъул рахъалъ специалист Гебек Гебековас, концерталъул коллективалъул гІахьалчІужу Майсарат ГІабдулаевалъ жигараб гІахьаллъи гьабуна гьениб тІобитІараб тадбиралда. ЦІада росдал гІадамаз гьалбадерил лъай-хъвай гьабуна жидерго маданияталъулгун, байрамалъулаб байданалда рихьизаруна церегосел миллиял тІагІелал, концерталгун цере рахъана коллективал.

**«Гумбет» РИО**

РАСУЛ ХІАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА-95 СОН

# «Дица ирсалъе тана рокьи» фестивалалда бакълъулазул гІахьаллъи

**Дагъистаналъул халкъияв шагІир Расул ХІамзатов гьавуралдаса 95 сон тІубаялъул юбилеялъул хІурматалда, МахІачхъалаялда Расул ХІамзатовасул цІаралда бугеб миллияб библиотекаялда тІобитІана «Дица ирсалъе**




**тана рокьи» абураб фестиваль.**

Фестивалалда гІахьаллъана Дагъистаналъул районаздаса вакилзаби. Гьездаго гьоркьор рукІана Бакълъулазул районалъул Инхоса ГІалихІажиясул цІаралда бугеб централияб библиотекаялъул хІалтІухъаби – гьелъул нухмалъулев Халид Халидовасул нухмалъиялда лъималазулгун гІолилазул библиотекаялъул нухмалъулей ПатІимат ХІусейнова, библиотекарал ГІазра Исубилаева ва Раисат УхІумагІалиева.

Расул ХІамзатовасул юбилеялъул хІурматалда гІуцІараб фестивалалъул программаялда бакълъулазулги кечІ рикІкІиналъул номер букІана.

**ПатІимат ХІамидова**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ

**Данухъ росу**



КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Гъадин хъулухъ гьабула нилъер гIолохъабаз

### Эбел –инсухъе баркалаялъул кагъат

**Бакълъулазул районалъул Щабдухъ росулъа МухIамад ХIажиевас хъулухъ гьабулеб буго Россиялъул армиялда. Гьес тIадаб налъи тIубазабулеб рагъулаб часталдасан ХIажиевасул эбел-инсухъе бачIана баркалаялъулаб кагъат. Гьелда хъвалеб буго:**



«ХIурматиял ХIажи Муртазагlалиевич ва Пайзат НурмухIамадовна! Нужер вас МухIамад ХIажиевас хъулухъ гьабулеб буго 24776 абилеб рагъулаб часталда. Гьес тIубазабулеб буго механик-водитель-электрикасул хIалтIи. Армиялде хъулухъ тIубазе вачIаралдаса гьес живго вихьизавулев вуго мисалияв, цIодорав, захIмалъабазе кьуркьуларев, тIадал ишал жавабчилъиялда тIуразарулев рагъухъан хIисабалда. Рагъулаб хIадурлъиялъул предметазе руго лъикIал кьиматал. ХIалтIула кидаго жиндирго махщел камиллъизабиялда тIад. КIвар кьола хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул тIалабал мухIканго тIуразариялде.

МухIамадие щун буго физическияб лъадари. Аскаразул уставалъул гIаммал къагIидаби лъала ва тIуразарула.

Командирзабаздехун адабалда вукIуна, гьезул буюрухъал тIуразарула. Цадахъ хъулухъ тIубалезулгун гьудуллъиялъул, вацлъиялъул гьоркьоблъиялда вуго. Хвезабуларо гIадлу-низам.

Рагъулаб часталъул киназулго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго нужее, гьадинав вас гIезавуралъухъ ва гьесие лъикIаб тарбия кьуралъухъ.

**Нухмалъиялъул батареялъул ва артиллериялъул разведкаялъул командир, гвардиялъул капитан А. Садретдинов.**

**Хъулухъ гьабулезулгун хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ бригадаялъул командирасул заместителасул ишал тIуразарулев гвардиялъул майор С. Оборский.**

**24776 рагъулаб часталъул командир гвардиялъул полковник В. Ульянов.**

РОСДАЛ МАГIИШАТ

## 18866 тонна харил гIархъилъ лъуна, бегана 502 гектар, бакIарана 3468 тонна пихъил

### Бакълъулазул магIишатал хасалиде хIадурлъулел руго

**Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва бугольиялъул гьоркьорлъабазул отделалда 13 сентябралде ругел баяназда рекъон, хIадурун буго 18866 тонна харил, гьелдасан гIадамал бетIергьанаб 13000 тонна.**

Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 1200 «Мехельтинский» СПКялъ 1130, «Цилитлинский» СПКялъ 710, «Щабдухский» СПКялъ 600, «Тляратинский» СПКялъ 585, «Цундинский», «Данухский» СПКяз 300, «Ингишинский» СПКялъ 506, «Гьудуллъи» СПКялъ 200 тонна харил хIадурун буго. Бакълъулазул районалъул СПКязул хъутабазда тIад бан унеб буго хасалил культураби рекъизе ракь бегиялъул хIалтIи. 13 сентябралде бегун буго 502 гектар. Гьелдасан «Мехельтинский» СПКялъ 200, Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 100, «Цилитлинский» СПКялъ 80, «Тляратинский» СПКялъ 57, «Цундинский» СПКялъ 30, «Ингишинский» СПКялъ 20 гектар.

БакIарун буго 510 гектаралдаса 3468 тонна пихъил. Гьеб ккола цо гектар хIисаб гьабун 68 центнер.

**ГIайшат Исламбиева**

РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА - 95 СОН

## Бакълъулазул лъималазе - дипломал

### МахIачхъалаялда Поэзиялъул рокъоб гIуцIана лъималазул суратазул выставка

**Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тубаялъул юбилеялъе сайгъат гьабураб лъималазул суратазул выставка гIуцIана МахIачхъалаялда Поэзиялъул рокъоб.**




Бакълъулазул районалъул искусствалъул школалъул мугIалим Нуцалай ГIабдурахIмановалъул нухмалъиялда, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна Гумбеталдаса лъималазги. Расул ХIамзатовасул асаразда хурхун рахъарал суратазе регионалияб конкурсалда бакълъулазе щвана диплом.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...

## Пагьму-гьунар бугел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул суал

### Директорзабазул данделъи

**Бакълъулазул районалъул информационниябгун методическияб централда, 13 сентябралда тIобитIана районалъул школазул директорзабазул данделъи. Гьениб пагьму-гьунар бугел лъималазулгун хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ доклад гьабуна районалъул информационниябгун методическияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.**

Докладалда тIасан кIалъазе рахъана пагьму-гьунар бугел лъималазул МелъелтIа интерналъул нухмалъулев Лабазан ХIажиев, Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев, Игьали гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель МуртазагIали ХIажимурадов, Киналъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев СагIидбег ГIузаиров, Цаналъ аслияб школалъул нухмалъулев СагIидбег МутагIилов, ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад Юсупов, ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Гьайирбег ХIусенов ва цогидалги.

Гьениб хIукму гьабуна аслияб кIвар кьезе пагьму-гьунар бугел лъималазулгун гьабулеб хIалтIуде. Щибаб школалда, гьеб мурадалда хIалтIизаризе кружокал. Гьезие нухмалъи гьабизе буго лъикIаздаса лъикIал мугIалимзабаз.

**ГIайшат Исламбиева**

ЗАХIМАТ БИХЬИЧIОГО, РАХIАТ БОКЬАРАС, БЕКЬИЧIОГО, ЛЪИЛЪЕ, НИЛЪ ГЬЕЧIОГО, ХУР.



## КIудияв инсуде назму

Дун дур цIар гIахьалав ПалихIажияв,
ГIаламалда цеве вахьине ккана.
Вуссунареб сапар бухьананиги,
Бихьулищ дур къадру къавмазда жаниб?
Къуръан -хIадисалда куцун вукIиндал,
Киналго рихьулищ рачIун нилъехъе.
Наслабаз ирсилъе ахIула дур цIар,
Дагъистан чIухIарав ХIажиян абун.
Хиралъи рагIила, рикIкIаде ина,
АхIулгохIил гIадаб къадру букIина.
Аллагьасе дугIа даим гьабила,
Дур баркат, шапагIат щвагиян абун.

## Хасавюрталъул къватIалда ГIали-хIажиясул цIар лъеялъул рохалида

Хьизан-агьлу гIахьаллъун, хьвадарухъаби ургъун,
Эмен вокьун рачIарал кьезин нужее салам.
Нижер хварал, чIагоял чIухIула нужедаса,
Намусалъул налъулаз нужей бутIрул кьулула.
Бичасул Расуласде салават - салам битIун,
Байбихье рохалида хирияб мажлисалда.
Халикъас тавпикъги кьун таватур тIобитIарав
ТIаса Инхоб росулъа Расуласул кумекчи.
Кинабго гIаламалда ГIали-хIажияв лъала,
ЛъарагIазулъеги ун Индиралда вукъарав.
ВарагIалда куцарав камилго гIелму лъалев,
Лъелго хIежалде арав, Аллагь разилъи щварав.
Авараг вецщун назму низамалда гIуцIарав,
Хулапаал разилъун, Равзаялде ахIарав,
Ризванул акбар щварав, КагIбаялда сверарав,
Киналго сардал-къоял къалъулел руго дуе.
Вилаят гIащикълъарав, гIелму-карамат щварав,
ШагIирзаби хIайранав хIакъав Бичасул вали.
Вугев аниц бер чIвазе, баун салам гьабизе,
ВагIза - хабар гьуинав, хирияв нижер эмен.
ВихьичIезул хьул лъолев, хьиндалал гIащикълъарав,
ГIарабият тIокIкIарав, ТIагьаясде гIагарав.
Мун вокьун данделъарал диналъул вацал-яцал,
Дуца шапагIат гьабе гьазий метер къояца.
Рохел буго даимго дур агълулъун ниж рати,
Росдалги буго щукру щивасул Аллагьасе.
Хал гьабе гIаламалде, гIодулел муъминзаби,
Муршид ГIабдулхIамидги гIеларищ нилъер вукIин?
Къадру-кьиматав Устар, эсги бицунаан дур,
Дагъистан гIащикълъарав гIалимчи вукIанилан.
ГIабдулхIамидил ирс щун АхIмад-хIажиги Устар
Гьел нилъер чIухIи руго, рецц Аллагьасе буго!
Къуръаналда куцарав, кутубазда тIад чIарав,
ЧIинкIилзаби какарав, капурзаби рихарав.
Илагьияб рахъалъан Расулгун гаргадарав,
Генуб Шамилил гIадаб шугьрат тIобитIун арав.
Инхосаян абидал аб сверухъалъи боххарав,
Бичасул валийилан ваизабаз абурав.
ИнчIо мун ракIазулъа, рещтIана духъе гьалбал,
Гьабула гьаз дур къадру, кьимат борхулеб хIалалъ.
Къудраталъул Аллагьас ажру цIикIкIинабеги,
Азул нийят - садакъа къабулаблъун батаги.
Кьиямасеб кьоялъе хазиналъун гьабеги,
Гьанир рачIун аразе Алжан насиб гьабеги.
Нахъе хутIараб гIумру гIибадаталда айги,
Аллагь разияб тавбу тавпикъ гьабеги нилъей.
Шагьарал-росабалъан щварал хириял гьалбал,
РакI-ракIалъул саламгун сахлъи гьарула нужей!
Гьанже хирияв вацал, кьиматал нижер яцал,
Я рабби бетIергьанас тIоритIаги лъикIалде.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Предоставление государственной услуги по добровольной государственной дактилоскопической регистрации граждан

**В соответствии с Федеральным законом от 25 июня 1998 года № 128- ФЗ «О государственной дактилоскопической регистрации в РФ» и приказа МВД России от 14.07.2012 №696 «Об утверждении Административного регламента Министерства внутренних дел Российской Федерации по предоставлению государственной услуги по проведению добровольной государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации» ОМВД России по Г умбетовскому району проводит работу по государственной дактилоскопической регистрации граждан.**

Дактилоскопическая регистрация граждан Российской Федерации, способствует оперативному решению таких задан как поиск без вести пропавших лиц и лиц, объявленных розыск, установление личности лиц, не способных по состоянию здоровья либо возрасту сообщить данные о своей личности, установление личности неопознанных трупов. В жизни происходят масса неприятных ситуаций, когда люди теряют память, становятся жертвами несчастных случаев, и установить личность без документов невозможно. Да и не редки случаи утери самих документов. При таких непредвиденных обстоятельствах дактилоскопическая информация может оказать неоценимую помощь, так как отпечатки пальцев самый точный способ опознания человека

Для предоставления государственной услуги заявителем представляются следующие документы:

1. Письменное заявление или обращение заявителя в форме электронного документа о предоставлении государственной услуги через портал «Государственныеуслуги».
2. Паспорт гражданина Российской Федерации.
3. Свидетельство о рождении - для граждан РФ, не достигших 14- летнего возраста

Результатом предоставления государственной услуги является получение заявителем:

1. Справки о прохождении добровольной государственной дактилоскопической регистрации.
2. Уведомления о внесении изменений в дактилоскопическую информацию гражданина прошедшего добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию.
3. Уведомления об уничтожении дактилоскопической информации гражданина, прошедшего добровольную государственную дактилоскопическую регистрацию.
4. Уведомления об отказе в предоставлении государственной услуги.

За услугой граждане могут обратиться в дежурную часть ОМ ВД РФ по Гумбетовскому району в рабочие дни в любое удобное для них время кроме воскресенья.

Телефоны для справок: р/н 26-204., моб. тел. 8928-958-08-71.

**ОМВД России по Гумбетовскому району**

## Встреча с учащимися в Мехельтинской средней школе

С целью профилактики преступности в молодежной среде, а также других правонарушений и преступлений, совершаемых несовершеннолетними 13 сентября 2018 г. в МКОУ Мехельтинской СОШ в рамках операции «Дети России» была организована встреча с учащимися.

На данной встрече приняли участие инспектор ПДН капитан полиции Магомед Гусейнов, участковые уполномоченные майор полиции Мухтар Абдурахманов и Шарудин Ухумаев, секретарь КДН и ЗП при администрации района Рашид Хабибов, специалист районной АТК Расул Даитбегов, заместитель директора по воспитательной работе Мехельтинской средней школы Абдурахман Дайтмирзаев, учителя и учащиеся 9-11 классов.

В своем выступлении инспектор ПДН Гусейнов М.З. рассказал детям о страшной трагедии Беслана и необходимости солидарности в борьбе против угрозы терроризма. Люди, совершающие такие злодеяния - это люди без всяких моральных принципов и нравственных ценностей, преисполненные только одним стремлением – убивать. Результаты деятельности главарей бандгрупп – смерть, горе, страх, разрушения – все что осуждается и исламом, и всеми религиями мира. Цинизм и лживость заявлений террористов о том, что они воюют за идеалы ислама, очевидны. Также в рамках проходящей ОПМ «Дети России» довел до учащихся о негативном влиянии наркомании на здоровье молодых людей и о последствиях употребления запрещенных средств. Разъяснил подросткам, какие бывают формы принуждения, под давлением которых несовершеннолетние начинают пробовать, а затем употреблять наркотики. Рассказал о том, какое губительное действие оказывает употребление алкоголя, наркотиков и никотина на детский организм, в результате которого может разрушиться жизнь подростка и его родственников.

Мухтар Абдурахманов провел беседу на тему: «Уголовная и административная ответственность несовершеннолетних». В своей беседе Мухтар Хайбулаевич коснулся ответственности за совершение таких преступлений, как кража, грабеж, вымогательство, причинение телесных повреждений. Подросткам было разъяснено, с каких лет наступает уголовная и административная ответственность и какие наказания и штрафы предусмотрены за те или иные правонарушения. Напомнил о том, что уголовная ответственность наступает с 16 лет, а за совершение тяжких и особо тяжких преступлений с 14 лет. Административная ответственность наступает с 16 лет.

Расул Даитбегов довел до учащихся о проводимой работе районной АТК по недопущению вовлечения подростков в религиозный и политический экстремизм. Призвал учащихся не поддаваться навязыванию идей экстремизма, быть бдительными в выборе друзей, хорошо учиться и слушаться родителей.

Рашид Хабибов рассказал о правильном пользовании сетью Интернет, проверяли достоверность получаемой информации у имама местной мечети, который знает про ислам и может отличить экстремистскую литературу от традиционной исламской литературы. Поскольку большинство лиц, которые вербуют новичков, используют религиозную литературу с искаженным смыслом, противоречащим Корану.

В конце подытожив все выступления заместитель директора по УВР Абдурахман Дайтмирзаев поздравил всех с наступающим праздником «Днем единства народов Дагестана». Он отметил, что начиная с 2011 года ежегодно 15 сентября жители республики отмечают День единства народов Дагестана», который знаменует единение и консолидацию многонационального народа. Учащиеся Мехельтинской средней школы с вниманием слушали все выступления и поблагодарили за проведенную беседу.

**ОМВД России по Гумбетовскому району**

## Хасавюрталъул къватIалда ГIали-хIажиясул цIар лъеялъул рохалида

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

Хадурго умумулгун, гьанир рачIарал лъимал,
ЛъикIал гIамалал гьарун гьареги Бичас кIодо.
Нижер диналъул агьлу, дугIадулги аманат,
Аллагь разияб гIамал, гIибадат насиб гьабе.
Нижер саламал рице рокъоре щвараб мехалъ,
Щвараб рохалидасан разилъанилан абе.
Иншааллагь, хьул буго, Хасавюрт кIоченарин,
КIудияб баракатгун тIобитIараб батаги.
Шагьаралда данделъи, дир рекIелъ бугеб рохел,
Хирияб гьаб жамагIат жеги баркала нужей.
Нижергун эбел-инсул, агьлу - зуриятальул,
Аллагь, мунагьал чуре, мун гурхIун тIаса лъугьа.
ТIамизин цо фатихIа, алхIам цIалун баркат щун,
Бичасул Расуласе кири кьун, дугIа гьабун.

Аллагьума свали гIала Саййдина МухIамидин ва гIала али Сайидина МухIамадим Васаллим. Аль - фатихIа.

**ГIалихIажи ГIабасов ,**
**ТIад Инхо - Хасавюрт**

## Лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул хIалтIухъаби - МФЦялъул филиалалда

**Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубай сентябрь моцIалъул байбихьудасаго кIодо гьабулеб буго маданиял учреждениязда, библиотекабазда, школазда.**

Лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул хIалтIухъабаз шагIирасул юбилеялда хурхун выставкаби гIуцIана, гара-чIвариял гьаруна. Гьел ана Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалде. Гьеniб гара-чIвари ккана Расул ХIамзатовасул гIумрудул нухалда ва творчествоялда тIасан. Филиалалъул хIалтIухъабаз рекIехъе рицана Расулил цо-цо кучIдул.

**«Гумбет» РИО**

## Бакълъулал субботникалда

**14 сентябралда Бакълъулазул районалда гIуцIа къан ана субботник. Районалъуул централда учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIухъабаз, школлъималаз рищникъулалдаса бацIцIад гьабуна сверухълъи, гIадамал хьвадулел нухал.**



**Жигаралда хIалтIана полициялъулал, сахлъи цIуниялъул, маданиял учреждениязул, библиотекабазул ва цогидалги хIалтIухъаби.**

**«Гумбет» РИО**

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ «Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевасда, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго имгIал Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Аллагьас хварасе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.